



Jidisyè Nyoudjèze

Kijan pou Konteste yon Frè Avoka

Biwo Etik Avoka

Pou plis enfòmasyon sou Biwo Etik Avoka yo, ale sou www.njcourts.gov epi chèche "attorney ethics (etik avoka)".

Pwogram Abitraj Frè

Pwogram Abitraj Frè a ede kliyan yo rezoud kontestasyon ak avoka yo sou frè legal yo pran yo. Pwogram lan ede evite ale nan tribinal.

Gen 17 komite atravè tout eta a ki gen volontè ladan yo. Nan volontè yo genyen ki avoka, genyen ki pa avoka. Se Kou Siprèm nan ki nonmen yo. Komite yo fè odyans konfidansyèl pou deside si frè pran an rezonab. Odyans yo ekitab, yo pa chè, epi yo pi rapid pase ale nan tribinal.

Abitraj Frè

Diskisyon sou frè yo anjeneral pa sijè disiplin pou avoka, paske yo nòmalman pa gen konduit ki pa etik ladan yo. Kòm altènativ ak yon pwosè, Kou Siprèm Nyoudjèze te kreye 17 komite abitraj frè nan chak distri pou rezoud, nan demann kliyan an, atravè abitraj obligatwa, konfli ki genyen sou frè yo.

Règ tribinal la di si ou vle mande abitraj frè, ou dwe premyeman kontakte sekretè distri komite kote avoka a gen yon biwo. Avoka ou a dwe ba ou yon eksplikasyon ekri sou kijan yo kalkile oswa kijan yo pran frè a lè yo aksepte ka ou a.

Ou menm ak avoka ou ta dwe diskite sou nenpòt kesyon ki gen rapò ak frè pandan premye konferans lan pou nou toude ka byen konprann sa k ap pase nan ka ou a ak konbyen ka a ap koute. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou komite abitraj frè yo sou sitwèb nou an ki endike dèyè bwochi sa a.

Avoka a dwe enfòme w sou dwa ou genyen pou chèche abitraj frè.

Avoka a dwe bay non, adrès, ak nimewo telefòn sekretè frè distri a. Ou dwe ranpli yon *Demann Abitraj Frè* nan entèval 30 jou. Si se pa sa, w ap pèdi dwa ou genyen pou w aplike pou abitraj frè a.

Si fakti a parèt pa rezonab, pale ak avoka a premyèman.

Eseye diskite sou fakti ou a ak avoka ou a. Li ta ka eksplike detay yo. Kèk rezo ki ka lakoz fakti ou a ta ka wo.

- Ka ou a te ka pi konplike pase sa yo te atann lan.
- Ka ou te ka pran plis tan pase sa yo te premye atann.

Nenpòt nan rezon sa yo ta eksplike poukisa estimasyon inisyal la te pi ba pase fakti reyèl la. Lè w pale ak avoka ou a, li te ka dakò fakti a te dwe ajiste epi li ka ofri w yon plan pèman.

Kijan pou ranpli yon abitraj frè

Voye fòmilè *Demann Abitraj Frè* a bay sekretè distri nan konte kote avoka a gen yon biwo legal. Mete senk kopi fòmilè a ansanm ak kopi nenpòt lòt dokiman ki gen rapò ak yo.

How to Dispute an Attorney's Fee – Haitian Creole

Yon frè \$50 **dwe** enkli pandan w ap soumèt dokiman an. Yo **p ap** trete demann abitraj frè a jiskaske ou peye frè \$50 a. Chèk oswa lòd lajan an **dwe** fèt pou "Disciplinary Oversight Committee."

Si ou pa kapab peye frè \$50 a, ou ka mande pou yo renonse li lè ou soumèt yon fòmilè *Demann Renonsman Frè*. Ou **dwe** soumèt yon kopi fòmilè sa a ansanm ak demann abitraj frè ou a. Pou mande yon fòmilè *Demann Renonsman Frè*, rele Inite Abitraj Frè nan Biwo Etik Avoka a nan 609-403-7800, ekstansyon. 34120.

Sekretè frè distri a ap revize ka a.

Sekretè distri a ap deside si yo aksepte yon abitraj frè, paske gen limitasyon ak diskresyon epi obligatwa sou jiridiksyon.

Abitraj frè pa disponib:

- Si frè a plis pase 100.000 dola.
- Si kliyan an pa soumèt demann lan nan 30 jou apre li resevwa avi nan men avoka a.
- Si plis pase sis ane pase depi avoka a te bay dènye sèvis li, kèlkeswa si kliyan an te resevwa yon avi 30 jou apwopriye nan men avoka a pou depoze Demann Abitraj Frè a.
- Si tribinal la te deja detèmine frè a deja.
- Si diskisyon sou frè a fè sòti kesyon legal enpòtan.
- Si lòt pati gen yon enterè ki ta ka afekte pa abitraj la.

Repons Avoka a

Y ap bay avoka a yon kopi demann abitraj frè a. Li obligatwa pou avoka a reponn ak yon fòmilè *Demann Repons Avoka*. Si li pa bay pyès repons, alòs yo p ap pèmèt avoka a patisipe nan odyans lan.

Règleman avan odyans lan

Ou ka rezoud diskisyon sou frè yo san odyans. Si yon diskisyon rezoud anvan odyans lan, pati yo ka depoze yon Akò Rezolisyon (Stipulation of Settlement) bay sekretè frè distri a.

Odyans Abitraj Frè

Apre revizyon ak akseptasyon ka ou a, sekretè a ap pwograme yon odyans. Kliyan an ak avoka a dwe resevwa yon preyavi 10 jou avan dat odyans lan.

- Si kantite lajan y ap pale a mwens pase 3000 dola, odyans lan ka fèt devan yon sèl manm Komite Frè Distri a.
- Si kantite lajan y ap pale a plis pase 3000 dola, odyans lan ap fèt devan yon panel twa manm komite frè distri a. Yon panel nòmalman gen yon manm piblik ak de (2) avoka.

Odyans sou frè yo prive, epi yo pa anrejistre yo. Si ou bezwen yon entèprèt oswa yon aranjman ADA nan nenpòt etap nan pwosesis diskisyon sou frè a, rele 609-403-7800, ekstansyon 34120. Tanpri fè demann sa a pi bonè posib pou nou ka adrese demann lan oswa aranjman an..

Nan odyans lan, se avoka a ki pou pwouve nati akò frè a epi rezonabilite frè yo.

Abitraj obligatwa

Lè ou chwazi pouswiv pwosesis abitraj pou frè a epi ou siyen fòmilè *Abitraj Obligatwa* a, ou menm kòm kliyan an gen 30 jou pou w retire demann ou a. Apre sa, kliyan an ap oblije respekte

How to Dispute an Attorney's Fee – Haitian Creole

desizyon komite abitraj frè yo. Avoka a oblije respekte desizyon an tou. Lè ou mande pou fè abitraj sou frè yo, ou menm ak avoka a dakò pou n suiv desizyon komite a epi n oblije respekte rezilta yo.

Desizyon Odyans Abitraj Frè

Komite frè yo pa gen otorite pou ba w lajan kòm domaj pou fot legal, yo sèlman ka detèmine si frè yo rezonab. Faktè yo dwe pran an konsiderasyon yo fikse nan Règ Kondwit Pwofesyonèl 1.5(a) a.

Si panèl odyans lan deside yon kliyan gen dwa jwenn yon ranbousman, ranbousman an dwe peye nan 30 jou apre desizyon odyans lan. Sèl eksepsyon an, se si swa kliyan an oswa avoka a fè apèl sou dosye a.

Si avoka a pa remèt lajan an nan 30 jou, kliyan an ka rele Inite Abitraj Frè nan Biwo Etik Avoka a nan 609-403-7800, ekstansyon. 34120. Kliyan an ka mande OAE pou depoze yon demann pou avoka a sispann pratike lalwa jiskaske li respekte desizyon sou frè yo.

Apèl Abitraj Frè yo

Desizyon abitraj frè yo ka sèlman fè apèl nan sikonstans sa yo:

- Komite frè a pa t swiv pwosedi a oswa te gen gwo enjistis pandan pwosesis la.
- Komite frè a fè fwod reyèl.
- Komite frè a fè erè grav ak evidan nan lwa ak règ tribinal yo.
- Nenpòt manm komite frè a ki te deside sou dosye a gen yon konfli enterè nan ka a.

Yon apèl dwe respekte youn nan kondisyon ki anwo yo pou yo ka depoze li.

Yo dwe depoze apèl la nan 21 jou apre desizyon ekri a.

Yo dwe depoze apèl la bay Komisyon Revizyon Disiplinè a.

Pou fè apèl, ranpli fòm Avi Apèl Abitraj Frè a epi voye l pa lapòs bay:

Disciplinary Review Board
Richard J. Hughes Justice Complex
P.O. Box 962
Trenton, NJ 08625

Pwosedi abitraj frè yo se konfidansyèl

Pa diskite sou diskisyon frè a ak okenn moun. Gen de eksepsyon pou diskite sou ka ou a :

1. Ak manm pwosesis abitraj frè yo; oswa
2. Si ou konsilte yon avoka sou ka a.

Fon Avoka pou Pwoteksyon Kliyan

Pafwa, yon plent kont yon avoka enplike konpòtman ki pa onèt. Si ou kwè avoka a te pran lajan oswa lòt byen pou ou, anplis pou depoze yon plent, ou ka depoze yon reklamasyon tou nan Fon Avoka pou Pwoteksyon Kliyan (yo rele l "Fund") apre ou fin enfòme pwokirè konte ki apwopriye a epi komite etik distri a sou ensidan an. Li enpòtan pou sonje ke Fon an se yon komite separe nan Kou Siprèm nan, ak pwòp objektif li, jiridiksyon li ak pwosedi li yo.

How to Dispute an Attorney's Fee – Haitian Creole

Menm jan ak komite etik distri yo ak komite abitraj frè yo ki pa ka peye reklamasyon, Fon an pa ka pini avoka oswa rezoud diskisyon sou frè yo. Fon an pa ka peye reklamasyon ki baze sou neglijan oswa fot pwofesyonèl yon avoka. Pou ka tankou sa yo, ou ka konsilte yon avoka prive pou decide si ou ka pote yon pwosè sivil pou ranmase domaj ak enterè. Ou dwe pwouve yon pèt ou sibi akòz konpòtman ki pa onèt yon avoka ou te gen yon relasyon avoka-kliyan oswa relasyon fidisyè ak li. Avoka yo fè reklamasyon kont li an, yo dwe swa sispann li oswa radye li, sof si li mouri oswa li pa disponib, pou Fon an gen jiridiksyon. Se sis Gadyen ki jere fon an (5 avoka ansanm ak yon Manm piblik), tout volontè ki bay tan ak talan yo..

Fon an pa resevwa okenn resèt fiskal; li peye prim li yo ak lajan avoka Nyoudjèze yo peye chak ane kòm yon demonstrasyon angajman pou kenbe konfyans piblik nan sistèm legal la.

Si ou gen kesyon oswa si ou swete gen yon fòmilè reklamasyon, tanpri, ale sou sit Fund an sou <https://www.njcourts.gov/attorneys/cpf.html> oswa rele 855-533-3863 oswa ekri nan:

New Jersey's Lawyers' Fund for Client Protection

P.O. Box 961

Trenton, NJ 08625-0961

Si ou kwè avoka ou a te angaje nan konduit ki pa etik, kontakte liy asistans lan pou jwenn fòm etik ak abitraj frè yo nan <https://njcourts.gov/attorneys/oe.html> oubyen rele 1-800-406-8594.

Stuart Rabner

Jij An Chèf

Johanna Barba Jones

Direktris, Biwo Etik Avoka